ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№169-170 (23.578) ● 2017 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 6, бэрэжьей ● ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ ● И уасэр тумэнитІщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Патриарх Кирилл, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Белавенцев О. Е., КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ хэтащ Москва и Новоспасскэ къулъшырыфым Черкасскэ лъэпкъым Фэеплъ пхъэбгъу къызэрыщызэІуахым теухуа дауэдапщэхэм

Республикэр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум и пэ къихуэу, Москва къалэм и Новоспасскэ ставропигиальнэ къулъшырыфым и Знаменскэ члисэм Москва къалэмрэ Урысей псомрэ я Партиарх Кирилл, Урысеим и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм Олег. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий сымэ дыгъуасэ хэтащ Урысей Къэралыгъуэр зэфІэувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Черкасскэ лъэпкъым я Фэеплъ пхъэбгъу къызэрызэІуахым теухуа зэхуэсым.

УРЫС Православнэ Члисэм и унафэщІым Знаменскэ члисэм къыщызэхуэсахэм захуигъэзащ:

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъэр езыхэм яфІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъу мы илъэсым дэ мы щыпІэм, Черкасскэ пщыхэм я хьэдэхэр зыщІэлъым деж, абыхэм тхьэ дащыхуелъэІунщ. Урысеймрэ езыхэм я лъэпкъэмрэ я къуэ щдэжащэхэм я гъуэгур пхызышар Темрыкъуэ ипхъу Мариещ, пащтыхь Иоанн Василий и къуэм щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытарщ. Ахэр щхьэгъусэ зэрызэхуэхъуам, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъэр Урысейм зэрыкъыьам я фІыгъэкІэ Урысеим пыщІэныгъэ быдэ яхуиІэ хъуащ лІыхъужьыгъэр зэращагъкІэ псыхьа бгырыс лъэпкъ телъыджэхэм.

Ноби, гугуеухьхэри дунейпсо терроризмэм и шынагъуэри щыІэми, Тхьэм и фІыщІэкІэ, а лъэпкъэрщ ди хэкум и ипщэ гъунапкъэхэр зыхъумэр. Дэ лІэщІыгъуэ куэд хъуауэ дызэрызэдэпсэум лъабжьэ быдэ иІэщ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я нэхъыбапІэр мусЛымэмни, урысхэр чыристанми, дэ зы лъапІэныгъэхэм дытетщ, узыфІэкІ мыхъуну хабзэхэр догъэзащІэ икІи абыхэм ди лъэпкъхэр псом нэхьр нэхьыфІу гъунэгъу зэхуащІ. ЯгъэлъапІэ лъабжьэхэр зэхуэмыдэмэ, цІыхухэр зэгъусэу псэуфынукъым. Ауэ нэхъыщхьэмкІэ зэгурыІуэмэ, адрей гугуеухьхэм тыншу пэлъэщыфынущ, уеблэмэ я Іуэху еплъыкІэхэр зыгуэркІэ зэтемыхуэми.

Абы къыхэкІыу дэ тхъумэн хуейщ ди цІыхухэр псэкІэ зэгъунэгъуу зэрыщытыр, зедгъэужьыпхъэщ чыристанхэмрэ мусЛымэнхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэм, зым жиІэр адрейм зэхищыкІыну ди къалэнщ икІи пщІэ хуэтщІын хуейщ илъэс 460-рэ хъуауэ зэгъусэу дызэрыпсэум, ипэжыпІэкІи зы унагъуэ дызэрыхъуам».

Абы и ужькІэ Патриарх Кирилл дунейм ехыжам тхьэ хуеЛъэІуащ, я диным къызэригъэувым хуэдэу.

Къызэхуэсахэм адэкІэ захуигъэзащ Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Белавенцев О. Е.:

«Нобэ дэ мыбдежым - Черкасскэ пщыхэм я хьэдэхэр зыщІэлъ Новоспасскэ къулъшырыфым - щызыхыдощІэ гурыщІэ къызэрымыкІуэкэр. ПІащІыгъуитхум нэблагъэкІэ уэзгъэбэкІыжмэ, а лІакъуэм и лІыкІуэхэр, зи лъабжьэр Къэбэрдеишхуэм къыщежьэхэр, мыхьэнэшхуэ зиІэ къэхъуакъащІэ гъэщІэгъуэнхэм, иджы нобэ Іэтауэ дгъэлъапІэхэм, хэтащ.

И адэ, Къэбэрдейм и пщышхуэ Идар Темрыкъуэ и унафэкІэ абы и къуэмрэ и пхъумрэ, жорыр пщІэхалъхьа нэужь Михаилрэ Мариерэ цІэхэр зыфІащащэм, чыристан диныр къащтэри, сытКІи ягъэпэжу Урысей Къэралыгъуэм кьулыкъу хуащІащ.

Ди къэралым и тхыдэм увыпІэшхуэ щаубыдащ абыхэм я щІэблэу Романовхэ благъагъэкІэ запызыщІахэми, ахэр щытащ урыс къэрал унафэщІхэм я дзыхь зрагъэз, я дарэгъу цІыхухэу.

Мы члисэм псори тхьэ зэрыщелъэІум иджыри зэ кьыхегъэщ а зэманым адыгэ лъэпкъымрэ Урысей Къэралыгъуэмрэ къащтауэ щыта унафэм и пэжагъыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм я къекІуэкІыкІар щыхьэт зытехъуэр мыращ: мамыр лэжьыгъэми зэуапІэ губгъуэми текІуэныгъэхэр къыщыщыпхыфынур узэкъуэту абы ухущІэкъуэмэщ. ПщІэ зэхуэщІыным, зэдэлэжьэным, зэкъуэтынигъэм хущІэкъуным икІи ди къэкІуэнур нэхъыфІ хъуным дыхуэлэжьэнырщ лъэпкъхэм я псэукІэр езыгъэфІэкІуэнур. Дызэгъусэущ дэ нэхъапэм ямыльэгъуа ехъулІэныгъэхэр къызэрытхыфыр.

Хуит сыкъэфщІ мыбдежым къыщызэхуэсахэм иджыри зэ сынывэхъуэхъуну тхыдэ мыхьэнэ зиІэ ди зэхуэдэ махуэ лъапІэмкІэ икІи лъэпкъэр, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр зэгурыІуэу зэдекІуэкІыну, мамырыгъэ диІэну икІи ди Хэку щэджащэм - Урысейм нэхри зезыгъэужьын лэжьыгъэхэр къыдахъулІэну сызэригуапэр жысІэну!» - къыхигъэщащ полномочнэ лІыкІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. и фІэхъус псалъэм къыхигъэщащ:

«Зи щыхьыр ин Щихънагъ! Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я цІэкІэ си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэ пхузощІ ди республикэм, Ди Хэкушхуэм и адрей субъектхэми хуэдэу, сыт щыгъуи гуапэу укъыззэрыхущытым папщІэ.

2016 гъэм накъыигъэм и 15-м Уэ Налшык уныззэрыкІуар гуапэу ягу къагъэкІыж Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта, Темрыкъуэ ипхъу Марие зи нэІэ щІэта Марие Магдалинэ и Члисэр къызэрызэІупхауэ щытар.

Нобэрей зэхьыхьэми тхыдэм и дежкІи цІыхум и псэкупсэ къулеягъымкІи мыхьэнэ хэха иІэщ.

Мыбдеж, Новоспасскэ къулъшырыфым, щыщІалъхьащ къэбэрдей лъэпкъым и къуэ, ипхъу щэджащэхэр - Урысей къэралыгъуэм хуэлэжьа щІыху щыпкъэхэр, пщы цІэрыІуэхэм я унэцІэхэр зезыхьэу щытахэр - Сэнджэлейхэ, Бековичхэ, Черкасскэхэм кьахэкІахэм я хьэдэхэр. Ахэр я псэ емыблэжу Урысейм зэрыхуэлэжьар, абыхэм зэуапІэм къыщагъэлъэгъуа лІыхъужьыгъэр уващ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтынигъэ нэсым и щапхъэу.

Уэ, Зи щІыхьыр ин Щихънагъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэми, зэрыщыту Кавказми пщІэ зэрахуэпщІыр кьэбгъэлъэгъуащ. Нэхъапэм апхуэдэ къэмыхъуауэ, Урыс Члисэм и Патриархыр тхьэ елъэІуащ, ди нэхъыжь щыпкъэхэр езыхэм я Хэкум - Урысейм - псэкІэ пэгъунэгъуу зэрыщытар кьигъэлъагъуэу.

Адыгэ лъэпкъым щыщ цІыху щэджащэхэу мыбдеж щыщІалъхьахэм я щІэблэ дэ, абыхэм кьыхаха гъуэгу захуэм дыхуэпэжу, дяпэкІи дгъэбыдэнущ а зэкъуэтынигъэр.

Дэ дощІэ Уэ, Зи щІыхьыр ин Щихънагъ, мамырыгъэр хъумэным, лъэпкъхэм, динхэм яку зэгурыІуэныгъэ дэлъыным мыхьэнэшхуэ зэрептыр.

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэкъуэту щопсэу икІи щолажьэ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм кьахэкІахэр, дин зэтемыхуэхэр зезыхьэхэр. Лъэпкъ пщы бжыгъэхэм я лІыкІуэхэм егугъуу кьызэрагъэпэщ тэмэму псэун папщІэ зыхуей-зыхуэфІ псори. Мамырыгъэмрэ зэгъунэгъу зэхуащытыкІэфІхэр хъумэнымрэ къыпхуэмылъытэным хуэдиз хэлъхьэныгъэ хуащІ чыристан диныр зезыхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм.

Зи щІыхьыр ин Щихънагъ!

ПщІэ зыхуэсщІ ныбжьэгъухэ!

Нобэрей зэхьыхьри Урысей къэралыгъуэм и зэкъуэтынигъэм щыхьэт техъуэ дамыгъэхэм ящыщ зыщ.

Ноби, илъэс 460-рэ ипэкІи хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я гум къыбгъэдэкІыу аргуэру жаІэ ди нэхъыжьхэм ятауэ щыта тхъэрыІуэр: «Урысейм игъащІэкІэ дыкъуэтынщ».

Республикэм и Унафэщ Іым Москварэ Урысей псомрэ я Патриарх Кирилли, Новоспасскэ къулъшырыфым и лэжьакІуэхэми, «тхьдэ мыхьэнэ зиІэ нобэрей зэхуэсым зи зэфІэкІ езыхьэлІа дэтхэнэ зыми» фІыщІэ яхуищІащ я гулъытэм папщІэ.

ИужькІэ Патриарх Кирилл Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ ягъэхьэзыра фэеплъ пхъэбгъур къыззэІуихащ. Абы дыщэ хьэрфэмкІэ кьыхэІуЩыкІащ: «Мыбдеж, Новоспасскэ къулъшырыфым и Знаменскэ члисэм, щІэлъщ Черкасскэ пщыхэм я лІакъуэр. Черкасскэ пщыхэр (Темрыкъуэ, Кьамболэт, Сэнджэлей, Бекович сымэ я щІэблэхэр) къызыхэкІар Къэбэрдейм щыщ шэрджэсхэрщ. 1561 гъэм къыщыщІэдзауэ абыхэм Къэрал Унафэщ Іым Москва къалащхьэм къулыкъу щыхуащІащ, пащтыхь Иван IV Темрыкъуэ ипхъу Марие щхьэгъусэ хуэхъуа нэужь. Хэкум и къуэ пэжхэм яхэтащ генералиссимусрэ канцлерышхуэрэ, губернаторхэмрэ дзэхэм я унафэщІхэмрэ, бояржм я думэм пщІэ зыщыхуащІу хэта цІыху 12. Къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытурэ, Черкасскэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащІащ Урысей къэралыгъуэр зэфІэувэным. А нэхъыжь щэджащэхэм я фэеплъу икІи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я лъэпкъэр зэрызэкъуэувэрэ илъэс 460-рэ щрикъу илъэсым и щІыхькІэ мы пхъэбгъур ягъэуващ абыхэм фІыщІэ яхуэзыщІ я щІэблэм кьабгъэдэкІыу».

ГуфІэгъуэ зэхьихьэм хэтащ УФ-м ФедерацэмкІэ и Советым и Къэрал Думэм и депутатхэр, КъБР-м и Парламентым, КъБР-м и Правительствэм, Пятигорскрэ Черкесскрэ я Епархием, КъБР-м ис МусЛымэнхэм я Іэхущ Іапіэм, Тэрч-Балъкъ щІыналъэ къззакъ зэгухьэныгъэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, республикэм и еджапІэ нэхьыщхьэхэм, профсоюз, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, КъБР-м и щІыналъэ, къалэ округхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

А махуэ дыдэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Белавенцев Олег, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ гупышхуэр щыІащ Москва Кремлым и Архангельскэ Члисэм, Грозный Иван и щхьэгъусэу щыта, Къэбэрдейм и пщышхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Марие и хьэдэр зыщІэлъым.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Адыл-Су бгы зэхуакум ятIэпс къызэрыщехам, абы цIыху зэрыхэкIуэдам (хъыбарыншэу кIуэдаи зэрыщыIэм), «Прохладнэ - Азау» федеральнэ автомобиль гъуэгум (километр 88-мрэ 90-мрэ хуэзэу) и Iыхьэхэр зэрыгуихам, Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Бахъсэн Ипщэ, Нейтринэ, Эльбрус, Терскол, Тегенекли, Байдаевэ къуажэхэм газыр зэраIэры-хьэ бжьамийр зэрызэпиудам, Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн районхэм я къуажэхэм псы ящIэуэнкIэ, лъэмыжхэр трихынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм, «ЦIыхухэмрэ щIыпIэхэмрэ щIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ящыхъумэным теухуауэ» Федеральнэ законым, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэу «КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм ятеухуа хъыбарымрэ абы и Iэужьыр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу зыщI зы къэрал системэм и IуэхукIэ» №794-м, 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м, №304-м щIэту «ЩIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэр зэхэгъэщхьэхукIыным теухуауэ» 2007 гъэм накъыгъэм и 21-м, къищтам япкъ иткIэ:

1. 2017 гъэм фокIадэм и 1-м сыхьэти 6-м къыщыщIэдзауэ Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн щIыналъэхэм къэхъукъащIэ шынагъуэ щытыкIэ щыгъэувын, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм я хъыбарымрэ абыхэм я Iэужьхэр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу зыщI зы къэрал системэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щыIэм папщIэ.

2. КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм я хъыбарымрэ абыхэм я Iэужьхэр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу зыщI зы къэрал системэм и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щыIэм и къарумрэ и зэфIэкIымрэ гъэбелджылын.

3. КъэхъукъащIэ шынагъуэм и Iэужьхэр гъэкIуэдыжыным теухуауэ екIуэкI лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КъэхъукъащIэ шынагъуэхэмкIэ, мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Бэлэтокъуэ В. Хь. и унафэм щIэгъэувэн.

4. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэмкIэ, къэхъукъащIэ шынагъуэхэмрэ абыхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ и Управленэ нэхъыщхьэм чэнджэщ етын:

хъыбарыншэу кIуэда цIыхухэр къэлъыхъуэнымрэ къегъэлынымрэ икIэщIыпIэкIэ къызэригъэпэщыну, зыхуеину IэщIагъэлIхэр мы Iуэхум къыхишэу;

къэхъукъащIэ шынагъуэм и Iэужьхэр зыгъэкIуэдын оперативнэ штаб къызэригъэпэщыну, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр хэту;

зэбгъэтIылъэкI мыхъуну Iуэхухэр зэфIэзыгъэкIхэм я лэжьыгъэр иубзыхуну.

5. «Кавказ Ищхъэрэм Гидрометеорологиемрэ щIыуэпсым и щытыкIэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэ» федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ центрым чэнджэщ етын Бахъсэн псым я нэIэ трагъэтыну, Iэмалыншэ хъумэ, гидрологие плъырыпIэ иджыри щIыпIэ-щIыпIэхэм щагъэувыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щыIэ министерствэм чэнджэщ етын:

къэхъукъащIэ шынагъуэ къыщыхъуа щIыпIэм жылагъуэ хабзэр щагъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну;

къэхъукъащIэ шынагъуэ здэщыIэ щIыпIэм и гъуэгухэм цIыхухэмрэ техникэмрэ щызэмыкIуэным кIэлъыплъын плъырыпIэхэр пIалъэкIэ лэжьэну къызэригъэпэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкIэ и министерствэм ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэмрэ экологиемкIэ и министерствэр и гъусэу «Прохладнэ - Азау» федеральнэ автомобиль гъуэгум и Iыхьэ гуилъэсыкIахэмрэ Бахъсэн псыхъуэмрэ щызэтрихьар гъэкъэбзэным пэлъэщын инженер техникэр къызэщIагъэуIуэным и хэкIыпIэр ягъэбелджылын хуейщ.

8. «Кавказ» федеральнэ гъуэгу агентствэм федеральнэ автомобиль гъуэгухэмкIэ и Управленэ» федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм чэнджэщ етын «Прохладнэ - Азау» федеральнэ автомобиль гъуэгум и Iыхьэ гуилъэсыкIахэр нэхъ псынщIэу зэфIагъэувэжыну.

9. Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

цIыхухэр (Iэмалыншэ хъумэ) зэрагъэIэпхъуэным зыхуагъэхьэзырыну;

цIыхухэм пIалъэкIэ хэщIапIэ яхуэхъунур ягъэбелджылыну;

къэхъукъащIэ шынагъуэхэм я Iэужьхэр ягъэкIуэдыным теухуауэ щIыналъэхэм ахъшэу, нэгъуэщI мылъкуу яIэр ягъэбелджылыну.

10. «Газпром газораспределение Нальчик» акционер зэгухьэныгъэм чэнджэщ етын газ зэрыкIуэ бжьамийхэр укъуэдиижыным теухуа лэжьыгъэр щIигъэхуэбжьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 1-м
№102-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм ятеухуа хъыбарымрэ абы и Iэужьхэр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу щIыныр зи къалэн къэрал IуэхущIапIэм Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм щиIэ и къудамэр шынагъуэ щытыкIэ къызэрымыкIуэм иту Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн щIыналъэхэм 2017 гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ щылэжьэным, «ЦIыхухэмрэ щIыпIэхэмрэ щIыуэпс, техногеннэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ящыхъумэным теухуауэ» Федеральнэ законым, Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэхэу «КъэхъукъащIэ шынагъуэхэм ятеухуа хъыбарымрэ абы и Iэужьыр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу зыщI зы къэрал системэм и IуэхукIэ» №794-м, 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м къищтам, япкъ иткIэ: :

1. 2017 гъэм фокIадэм и 1-м сыхьэти 6-м къыщыщIэдзауэ къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ятеухуа хъыбарымрэ абы и Iэужьхэр зэрагъэкIуэдыжымрэ хэIущIыIу зыщI зы къэрал системэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэр шынагъуэ къызэрымыкIуэм иту Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Тырныауз къалэм щылэжьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэр №88-РГ-р, 2017 гъэм шыщхьэуIум и 16-м Iэ зыщIидзар, къутэжын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2017 гъэм шыщхьэуIум и 16-м, №88-РГ. и унафэм къару имыIэжу къэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм фокIадэм и 1-м
№103-РГ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гъуэгу нэхъыщхьэр зэрагъэпэщыжащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуащхьэмахуэ щIыналъэм къыщеха ятIэпсым гуилъэсыкIа федеральнэ автомобиль гъуэгум щыщу зэхэкъутауэ щыта и Iыхьэ псори зэрагъэпэщыжащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, шыщхьэуIум и 31 - фокIадэм и 1 жэщым Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщешха уэшхышхуэм къыздрихьэжьа ятIэпсым Прохладнэ - Азау федеральнэ гъуэгум щыщу Эльбрус посёлкэм и лъабжьэкIэ щыIэ Iыхьэ зыбжанэр къанэ щIагъуэ щымыIэу гуилъэсыкIауэ щытащ. ЩIыналъэм и унафэщIхэм къызэрагъэпэща зэфIэгъэувэжыныгъэ Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, ахэр зэгъэзэхуэжыным жэщ-махуи 4-кIэ яужь итащ Федеральнэ автомобиль гъуэгухэмкIэ управленэм и «Кавказ» федеральнэ гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэмрэ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и 58-нэ армэм и зауэлIхэмрэ.

«Автомобиль гъуэгур и кIыхьагъкIэ ущызекIуэ хъууэ зэрызэтедгъэувэжам Iэмал къыдет, гужьеигъуэ ихуауэ щыта жылагъуэхэм дэс цIыхухэмрэ а лъэхъэнэм а щIыпIэм щыIа туристхэмрэ республикэм мыдрей и щIыпIэхэм къапызыщIэу диIа жьыхулъатэхэр дутIыпщыжыну, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм ерыскъыпхъэхэр, хущхъуэхэкIхэр, нэгъуэщI зыхуеинухэри и чэзум нэдгъэсыну», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIымрэ депутатхэмрэ сабийхэм йохъуэхъу

Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр ЩIэныгъэм и махуэм курыт еджапIэхэм щыIащ, гъэ еджэгъуэр зэрыщIидзамкIэ егъэджакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ ехъуэхъуащ.

- ГЪАЩIЭМ сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ щызэдмыгъэгъуэтами, ахэр псори къыщежьэжыр фокIадэм и 1-ращ. Сыту жыпIэмэ, щIэныгъэр фIыгъуэщ, еджапIэм ныбжьэгъугъэр щызыхыбощIэ, уи зэфIэкIхэр щыбогъэлъэгъуэф. Дыкъэзыухъуреихь дунейм и закъуэкъым бгъэунэхур, атIэ уэ езым уи зэфIэкIымрэ уи къарумрэ здынэсынур къыбощIэ. Курыт еджапIэм къыщIэтха щIэныгъэращ ди гъащIэ псор зытегъэщIари зэлъытыжари. ЩIэныгъэм дэ нэхъ лъэщ, нэхъ Iущ дещI, ди гъащIэ гъуэгум и щIэдзапIэ мэхъу. ЩIэныгъэм и махуэр псоми ди зэхуэдэ гуфIэгъуэщ, ауэ ар нэхъ зыфIэгъэщIэгъуэныр япэ дыдэ школым къакIуэ цIыкIухэращи, нобэ махуэр фIыгъуэкIэ фигу къинэжыну, ффIэгъэщIэгъуэну феджэну, фи ехъулIэныгъэхэм адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ иригушхуэну си гуапэщ, - жиIащ **Егоровэ Татьянэ**, Май къалэ дэт 13-нэ прогимназием и еджакIуэхэм захуигъазэу.

Парламентым и УнафэщIыр ехъуэхъуащ адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ:

- Школым япэу къакIуэхэм нэхърэ нэхъыбэжу мэгузавэ адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, гъэсакIуэхэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэращ зэлъытар ди сабийхэм я гъащIэр зэрыхъунур. Аращи, фи IэщIагъэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр фиIэу, нэжэгужэу, фи гуащIэр мыкIуэщIу фызэрылэжьэн къару фиIэну сынывохъуэхъу, - захуигъэзащ абыхэм Егоровэм.

Махуэшхуэм кърихьэлIат Май щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Евтушенкэ Сергей**. Ар япэ классым кIуахэм ехъуэхъуащ «илъэс 11 дэкIмэ, я адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ щыгуфIыкIыу псоми дыщэ медалкIэ школыр къаухыну».

ШколакIуэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм егъэджакIуэхэм я щIэныгъэр къэпщытэнымкIэ и къудамэм и унафэщI **Алокъуэ Ритэ**, Май щIыпIэ администрацэм щIэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI **Маерле Галинэ**, прогимназием и унафэщI **Прокодановэ Нинэ**, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ИужькIэ Егоровэм зыщиплъыхьащ прогимназием и пэшхэм, спортзалым, шхапIэм, тхыдэ-лъахэхутэ музейм.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

● Шэджэм щIыналъэ

Махуэшхуэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Шэджэм щIыналъэм щекIуэкIащ гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр.

АХЭР къызэрагъэпэщащ Шэджэм щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **ТекIушэ Артур**, щIыпIэ самоуправленэмкIэ районым и советым и унафэщI **Уэдыжь Хьэсанш**, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ и ветеранхэм я советым и унафэщI **Iэрыпщэ Борис**, нэгъуэщIхэми.

Шэджэм къалэ дэт Щэнхабзэм и унэм концерт щатащ, лъэпкъым и тхыдэр къызэIуэзыIэт теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуащ.

Тыргъэтауэ и псалъэкIэ къызэIуахат пшыхьыр. Илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ псэуа адыгэ бзылъхугъэм къиIуэтэж хуэдэу, ирагъэдэIуащ лъэпкъым къикIуа гъуэгуанэр, республикэм къызэрызэрагъэпэщар, къэралыгъуэм и ветеранхэмрэ и сабийхэмрэ я гъащIэр, республикэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, Урысейм налмэсу къыхэлъхьар, щIыналъэм нобэ щекIуэкI Iуэхугъуэхэр.

КъыкIэлъыкIуэу, УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэр къеуэу, утыку къихьащ Урысей Федерацэмрэ республикэмрэ я къэрал ныпхэр. КъекIуэлIахэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ Шэджэм щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ ТекIушэ Артур.

- ЛIэщIыгъуэ куэд щIауэ лъэпкъым къыддекIуэкI хабзэфIхэр тхуэхъумэ, зыдужьынущ, ди щIыналъэр щIэрэщIэнущ, - жиIащ абы.

Ар къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ дэтхэнэ унагъуэри узыншагъэ, зэгурыIуэ, гуапагъэ, насып щымыщIэну.

КъыкIэлъыкIуэ теплъэгъуэр теухуат Къэбэрдей пщышхуэ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ, Грозный Иван и щхьэгъусэу щытам. Концертыр ягъэдахэщ «Джигиты Чегема» ныбжьыщIэ къэфакIуэ гупым, Шэджэм къалэ дэт 3-нэ курыт еджапIэм и къэфакIуэхэм, «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупым, ДыщэкI Артур, Атэлыкъ Алим, Мамбэт Мадинэ, Iэрыщэ Иринэ, Таукенов Сэлим сымэ.

Мыпхуэдэ дауэдапщэхэр Шэджэм щIыналъэм и куэджэ къэс щекIуэкIащ.

КIАРЭ Элинэ,
Шэджэм щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 6, *бэрэжьей*

♦**Болгариер щызэгухьэжа махуэщ**
♦**1885 гъэм** Болгарием гухьэжащ КъуэкIыпIэ Румелие щIыналъэр.
♦**1872 гъэм** Берлин щызэIущIащ император ищ: Вильгельм Езанэр (Германие), Франц Иосиф Езанэр (Австро-Венгрие), Александр ЕтIуанэр (Урысей).
♦**1936 гъэм** «СССР-м и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр ягъэуващ. Япэ дыдэу ар зыфIащахэм ящыщщ Немирович-Данченкэ Владимир, Станиславский Константин, Качалов Василий, Москвин Иван, Неждановэ Антонинэ, Шаляпин Фёдор сымэ. СССР-м и тхыдэм щыиужьрейуэ, 1991 гъэм, а цIэр хуагъэфэщауэ щытащ Пугачёвэ Аллэрэ Янковский Олегрэ.
♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.
♦**1940 гъэм** СССР-м Къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ и цIыхубэ комиссариатыр къызэрагъэпэщащ.
♦**1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр къыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ялъэкI псомкIи япэщIэувэну.
♦**1956 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Сталиным и цIэр зезыхьэ саугъэтхэр Лениным и цIэр зезыхьэ дунейпсо саугъэтхэу зэхъуэкIыным теухуауэ.
♦**1991 гъэм** РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къищтащ Ленинград къалэм и цIэр Санкт-Петербургыу зэхъуэкIыжыным теухуауэ. 1712 - 1728, 1732 - 1918 гъэхэм ар Урысейм и къалащхьэу щытащ.
♦**1991 гъэм** СССР-м и Къэрал советым къищтащ Эстоние, Латвие, Литва республикэхэр щхьэхуит зэрыхъум теухуа унафэ.
♦**2001 гъэм** Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкIуащ.
♦Урысей пащтыхь, Пётр Езанэм и къуэш **Иван V** къызэралъхурэ илъэс 351-рэ ирокъу.
♦Дирижёр, композитор, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Светланов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
♦Литвам щыщ актёр цIэрыIуэ, а къэралым и цIыхубэ артист **Будрайтис Юозас** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
♦УФ-м и Президентым экономикэ IуэхухэмкIэ и дэIэпыкъуэгъуу, къэралым финансхэмкIэ и министру, УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу щыта **Лившиц Александр** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щIэныгъэ IуэхухэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щэрдан Анатолий** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

ФокIадэм и 7, *махуэку*

♦**Бразилием и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**. 1822 гъэм къащтащ ар Португалием къызэрыхэкIым теухуа унафэ.
♦**1688 гъэм** Москва мафIэсышхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы щIыпIэшхуэ иубыдат икIи члисэ 20-м щIигъурэ унэ лъапсэу миным нэблагъэрэ хисхьат.
♦**1812 гъэм** Хэку зауэм щыщ зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гуащIэ дыдэр Бородино деж щекIуэкIащ.
♦**1856 гъэм** Александр ЕтIуанэр къэралым и император зэрыхъуам теухуа дауэдапщэхэр Москва щекIуэкIащ.
♦**1859 гъэм** генерал Барятинский Александр зи унафэщI дзэ гупым Гуниб жылэм къыщиухъуреихьри, Шамил Iимамым зитын хуей хъуащ.
♦**1923 гъэм** Венэ щекIуэкIа дунейпсо конгрессым Интерполыр - уголовнэ полицэм и дунейпсо организацэр - къыщызэрагъэпэщащ.
♦**1928 гъэм** ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.
♦**1945 гъэм** Берлин щекIуэкIащ Гитлер и бий коалицэм хэта къэралхэм - СССР-м, США-м, Инджылызым, Франджым - я армэхэм я парад.
♦**1947 гъэм** Москва къалэр илъэс 800 зэрырикъур ягъэлъэпIащ.
♦**2011 гъэм** Ярославль пэмыжыжьэу къыщехуэхащ Як-42 кхъухьлъатэр. Абы исахэм ящыщу къелар кхъухьлъатэм и радиоинженер Сизов Александр и закъуэщ. ЦIыху 44-р, «Локомотив» хоккей командэри яхэту, хэкIуэдауэ щытащ.
♦Урысей тхакIуэ, драматург **Куприн Александр** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.
♦Совет уэрэджыIакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артисткэ **Юрьевэ Изабеллэ** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.
♦Къэрал лэжьакIуэ, Шэджэм щIыналъэ администрацэм и унафэщIу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.
♦«УрысейщIыдагъэ» къэрал компанием и президент **Сечин Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
♦Урысей теннисисткэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа, спортым щIыхь зиIэ и мастер **Звонарёвэ Верэ** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэгум и кIыхьагъым хуэдизи и бгъуагъщ.

● ХъыбарегъащIэ

Гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр пIалъэкIэ яхъуэж

ПщIэ зыхуэтщI налшыкдэсхэ, къалэм и хьэщIэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 460-рэ, КъБР-м и къэралыгъуэр илъэс 96-рэ, Налшык къалэр илъэс 293-рэ зэрырикъумкIэ дынывохъуэхъу. 2017 гъэм шыщхьэуIум и 30-м щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм къыдигъэкIа унафэ №822-м ипкъ иткIэ, а гуфIэгъуэхэм хуагъэхьэзыра Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIыну махуэм, фокIадэм и 8-м, республикэм и къалащхьэм транспортыр зэрыщызекIуэ щIыкIэр яхъуэжынущ. Абы къыхэкIыу, унейтранспортыр къэвгъанэу жылагъуэ транспорткIэ фызекIуэну дынывольэIу.

ФОКIАДЭМ и 8-м сыхьэти 7-м къыщыщIэдзауэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр зэхэтыхункIэ транспорт лIэужьыгъуэ псори щызэрагъэкIуэнукъым:

Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым Толстойм и уэрамым щегъэжьауэ КIыщокъуэм и уэрамым нэсыху, Нэгумэм и цIэр зезыхьэ уэрамым Пушкиным и уэрамым къыщыщIэдзауэ Горькэм и уэрамым нэсыху;

Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым Головком и уэрамым щегъэжьауэ Балъкъэр уэрамым нэсыху, Головком и уэрамым Пушкиным и цIэр зезыхьэм къыщыщIэдзауэ Горькэм и уэрамым нэсыху;

Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым Къэрэщейм и уэрамым щегъэжьауэ Кулиевым и уэрамым нэсыху, апхуэдэу абыхэм къедза дыхьэпIэдэкIыпIэ псоми;

Щоджэнц IыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым Балъкъэр уэрамым къыщыщIэдзауэ Тэрчокъуэм и уэрамым нэсыху.

Къыщынэмыщlауэ, дауэдапщэ Iуэхугъуэхэр зэфIэкIыхункIэ, сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ Мэлбахъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым Хмельницкэм и уэрамым къыщыщIэдзауэ Тырныауз уэрамым нэсыху, жылагъуэ транспортым нэмыщI, къалэм и дэкIыпIэ лъэныкъуэм нэгъуэщI транспорт лIэужьыгъуи щызэрагъэкIуэнукъым. Абы къыдэкIуэу, зэраубзыхуам тету, зы лъэныкъуэм тещIыхьа гъуэгум лъэныкъуитIымкIи щызекIуэну хуит ящIынущ.

Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым Головком и уэрамым щегъэжьауэ Балъкъэр уэрамым нэсыху гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр пIалъэкIэ яхъуэжынущ.

Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэ.

● Прохладнэ щIыналъэ

Лэжьыгъэм пащэ

Прохладнэ къалэм и зыгъэпсэхупIэ паркыр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа лэжьыгъэм пащэ.

Мы гъэм къалэр хагъэхьат «Къалэ мыинхэм я парк» фIэщыгъэм щIэту «Урысей зэкъуэт» политикэ партым къыхилъхьа Iуэхум. Абы ипкъ иткIэ къыхуаутIыпща федеральнэ, республикэ, щIыналъэ ахъшэмкIэ мы лэжьыгъэ м щыщ Iыхьэ зэфIахащ: сабий зи гъусэ анэхэм я лъэс зекIуапIэу 5-м плиткэщIэхэр иралъхьащ, удзыр паупщIащ, жьы хъуа асфальтыр щIыпIэ зыбжанэм къыщагъэщIэрэщIащ.

Иджыпстуи лэжьыгъэм пащэ. ШыщхьэуIум и 21-м щIадзауэ паркыр къэзыгъэнэхуну уэздыгъэхэм йолэжь, метр зэбгъузэнатIэ мини 3-м плиткэ тралъхьэнущ, асфальтрэ бетонкIэ къищIыкIа зекIуапIэхэр нэхъ бгъуэ ящIынурэ тетIысхьэпIэхэмрэ кIэрыхубжьэрыхухэр зрадзэнухэмрэ ягъэувынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Гъуэгуанэ гугъу икIи дахэ къэзыкIуа

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхан Хьэмырзэ и къуэр Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1921 гъэм щыщыкъуIум и 10-м къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр кIуащ. 1941 гъэм щыщIэдзауэ Совет Армэм къулыкъу щищIащ. Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям Ахьмэдхан фронтым кIуащ.

1942 ГЪЭМ щыщIэдзауэ 1943 гъэ пщIондэ Налор Ленинград дэт дзэ-инженер еджапIэм щIэсащ. 1943 гъэм и накIыгъэ маэзм лейтенант Нало Ахьмэдхан фронтым Iухьэжри, зауэр иухыху хэтащ, сапёр взводым, ротэм я унафэщIу. Зэрихьа лIыгъэмрэ къигъэлъэгуэ захуагъэмрэ папщIэ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщIэр, Хэку зауэ орденым и ятIуанэ нагъыщIэу тIу, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, СССР-м и медали 10, Польшэм и медалыр кьыхуагъэфэщащ.

1946 гъэм дзэм кьыхэкIыжри, Лэскэн райисполкомым щылэжьащ. 1947 гъэм ВКП(б)-м и обкомым и парт курсэр кьиуващ. ИужькIэ Нало Ахьмэдхан педагогикэ институтым щIэтIысхьэри, 1951 гъэм кьиухащ икIи бзэщIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ. КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцент зэрылажьэм хуэдэурэ, абы кьэхутэныгъэшхэр иригъэкIыжащ адыгэбзэм зегъэужьным пыщIауэ. Москва къыщыдагъэкIа «Адыгэ-шэрджэсыбзэм и грамматикэ», «Урыс-адыгэ-шэрджэс псалъалъэ» тхылъхэр зыгъэхьэзырахэм яхэтащ.

Налор щыщIащ литературэм бжьыпэр щызыубыдахэм, зи тхыгъэхэр цIыхубэм ягу дыхьа тхакIуэхэм. Ар СССР-м, Урысей Федерацconsiderable Я Тхакiуэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтащ.

1960 гъэм Налышк къыщыдэкIа «Урыху акъужь» и япэ тхылъыр псынщIэ дыдэу цIыхухэм зэлъащIысащ икIи гунэс ящыхъащ. Ар щыхьэт техъуат куэдкIэ дызыщыгугъ хъун тхакIуэ гъуэзэджэ кьиззэрыунэхуам. Налом и рассказ купщIафIэхэр зэрыт и япэ тхылъым кьыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Гушыlалъэ» (1963), «Къэрэгъул зэблэкIыгъуэ» (1967), «Лъагъуэхэмрэ гъуэгуэмрэ» (1969), «Рейхстагым адыгэбзи тетщ» (1972), «Нэхущ шу» (1977), «Бжьэ хэпщIащ» (1980), «Пшэплъ жьыжьэхэр» (1984), «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» (1995) тхылъхэр.

Налом и Iэдакъэщ1кI нэхъыфIхэр щызэхъэсауэ «Тхыгъэхэр» тхылъищым ярыту 1993 - 1995 гъэхэм кьыдигъэкIащ. Абы и тхыгъэхэм ящыщ зыбжанэ урысыбзэкIэ дунейм кьытехьащ.

ЦIыхубэм яIурылъ бзэм и дахагъри, и Iэфlагъри, и кIабзагъри мыгъэкIуэдауэ, зытетхыхь Iэхум тэмэму тегъэпсыхьауэ къэгъэсэбэныпэр тхакIуэм и тхыгъэхэм я фащэщ. Аращ Налом и тхыгъэхэм гъунэжу щIыхэбгъуатэр псалъэ купщIафIэхэр, гушыlэ дахэкIэ уэзда псалъэ шэрыуэхэр.

АБАЗЭ Албэч.

Зумакуловэ Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэм дихьэхар бгырысхэм я закъуэкым, ахэр фIыуэ щалъэгъуащ Совет Союз псом. Гупсысэ гъэщIэгъуэнхэмрэ гурыщIэ пэжхэмрэ зыхэлъ философие усэхэм, драмэкIэ гъэнщIа поэмэхэм ящIэкIэ купщIэмрэ къэIуэтэкIэмрэ уогъэщIагъуэ...

«АНТИВОЕННАЯ поэма» тхыгъэм Танзиля Ащетх: «Си усыгъэр щIыльэм быдэу тет унэм хуэдэщ». Ди фIэщ мэхъу а унэм зэ щIыхьам, зэи абы и бжэр зэрыхуимыщIыжы-пэнчр. Абы Iэмал имыIэу кьигъэзэжынущ, сыту жыпIэмэ ари, Танзиля и лIыхъужьхэм хуэдэу, гуфIэгъуэмрэ гуауэмрэ щызэпэгъунэгъу, цIыхур гугъэм щыхэмыкI гъащIэ гугъум щопсэу. Псоми яхуэзфIэкIыркъым а щытыкIэхэр псалъэкIэ къалэутэну, абы кьыхэкIыу Iуэхугъуэ зэхъыщхьэхэм усэбзэкIэ щIэдэIуну хуейр феблагъэ а унэм. Абы и бысымыр гъащIэ мытынымрэ пхыкIа усакIуэ гъуэзджэ Зумакуловэ Танзилящ.

КъыдигъэкI и тхылъ кьэс кIуэ пэтми зиIэт зэпыт, нэхъ лъагэ хъурт тхакIуэм и унэм и блынджабзэкрэ - иджы щIэджыкIакIуэ щэ бжыгъэхэр щыхьэщIэм.

ЦIыхум и хьэлкъым еэым и фIэщ мыхъу гуэр фIыуэ илъагъуныр. Абы ещхьу, сыт хуэдэ тхылъми нэхъыщхьэу хэлъыр ар пэжым тещIыхьауэ щытын зэрыхуейрщ. А пэжыр дыдж дыдэу щытми, аращ щIэджыкIакIуэм и гум ищтэнр. Апхуэдэ пэжкIэ гъэнщIащ Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэр.

Усакiуэм итха «Дзыхь пхуэсщIыркъым» усэм укъыщеджэкIэ, нэщхьеягъуэ хьэлъэм ухешэ. БлэкIам хуеплъэкIыж цIыхум и гупсысэр дзгъуэу кьыщыIуэта а тхыгъэм кьеджэм и гур имыгъэпIейтейуэ, абы щыгъуэми ар зытхам пщIэ хуимыщIу кьэнэнукъым.

Танзиля и усыгъэмкIэ Хэкум хуэдрэ зыхуегъазэ. НэхъыфI дыдэу илъагъуу дунейм тетыр аращ. ИкIи а лъагъуныгъэр абы гуапэу, гъэщIэгъуэну кьеIуэтэф. Езы цIыхубзым и гуапагъэр, и гупсысэхэм я купщIэр щынэрылъагъущ Танзиля и усэ сатырхэм.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм Танзиля и усэ тхылъ къыдэкIам усакIуэ Кронгаз Анисим хуитхыгъауэ щытащ: «Балъкъэр усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и Iэдакъэ къыщIэкIа зы усэ сатыр зэи седжатэкъым. Ауэ иджы, бзылъхугъэм и тхыгъэхэр зэрызэгъэщIыкIуэ лъандэрэ, бгырыс усыгъэр арыншэу си нэгу кьысхуущIэгъэхьэжыркъым. Зигурэ зи псэрэ кьабзэ бзылъхугъэм и усэхэм сыдахьэхащ».

Гупсысэ, гурыщIэ мащIэкIым Зумакуловэм и усэхэм яхэлъыр, арщхьэкIэ сэ кьысщохьу абы и Iэдакъэщ1экIхэм я курыкыр Iуэхушхуэхэр, дызыгъэпIейтейхэр кьыщыщIэта и поэмэхэр арауэ.

Танзиля и Iэдакъэщ1экIхэм зэпымыууэ гуапэу тепсэлъыхьащ къэралым и тхакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэр литературэм теухуауэ Москва Литературэм я унэм пшыхь щыщкIэуэкIыу усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Тихонов Николай къызэхуэсахэм япэ зэрызахуигъэза псалъэхэр сигу кьинэжащ. Абы жиIат: «Нобэ сэ сызытепсэлъыхьынур къэбэрдей, балъкъэр литературэхэм я лъабжьэр зыгъэтIылъахэракъым е КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я Iэдакъэщ1экIхэракъым, атIэ япэ балъкъэр цIыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и тхыгъэхэрщ».

ИужькIэ, илъэс зыбжанэ дэкIауэ, ди литературэм и гугъу щащIырт аргуэру Москва. Ауэ - иджы РСФСР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэрт. Къэпсалъэхэм, кьанэ щымыIэу, Танзиля и усэхэм псалъэ гуапэхэр хужаIэрт. Усакiуэ Туркин Владимир кьыхигъэщат: «День Российской поэзии» усэ тхылъыр ягъэхъэзырырт. Абы усакIуи 150-м я тхыгъэхэр хьыхьэнут. Абыхэм ящыщу сыкъеджащ Зумакуловэ Танзиля ейхэм. Усэхэм яхэлъ къарум сигъэгупсысащ. ЗысхъэмышIыпэу жэщыкум Поздняев Константин деж сыпсалъэри, сеупщIащ апхуэдэ усакIуэ ицIыху-имыцIыхумкIэ. Усакiуэм сызэрыщытхъуам щыгуфIыкIа Константин кIыхьу кьысхутепсэлъыхьащ Танзиля и усэхэм. Апхуэдэу сэ къэсщIухуащ Зумакуловэ Танзиля».

А пшыхьым кьыщыпсэлъат «Литературная Россия» газетым и редактор нэхъыщхьэ Поздняев Константин. Кьызэхуэсахэм абы яжриIащ Зумакуловэ Танзиля и усэхэр куэдым фIыуэ зэралъэгъуар, абыхэм щIэупщIэ зэралэр. Зэхыхьэм и кIэухым Кулиев Къайсин къэпсэлъахэм фIыщIэ яхуищIри, къыхигъэщат пэж дыдэу Танзиля зэчий кьызэрымыкIуэ кьыдалъхуауэ зэриIэр. А псалъэхэм абы кьыщытригъэзэжауэ щытащ тхакIуэхэм я урысейпсо зэхуэсми.

Иджы, Танзиля и усыгъэр куэдым фIыуэ щалъэгъуа, ди къэралми хамэ щIыпIэхэми бзэ зэмылIэужьыгъуэкIэ щызэрадзэкIа лъэхъэнэм, жыпIэ хъунущ совет литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм Зумакуловэм и Iэдакъэщ1экIхэм теухуауэ жаIам, ятхам щытхъу егъэлея кьызэрыхэмыхуар.

Кьыхэзгъэщынут абы и усэ нэхъыфIхэр ди зэманым адыгэбзэкIи зэрыIур - илъэс 40-м щIигъуауэ сэри абы и Iэдакъэщ1экIхэр зызодзэкI.

Урыс усакIуэ Светлов Михаил жиIауэ щытат цIыху Iейм усэфI зэи зэрыхузмыхъынур. Абы и щапхъэщ Танзиля. Ар псэ кьабзэщ, гугъуехь хуэда дэтхэнэ цIыхуми зэрыпъэкIкIэ зыщIэзыгъэкъуэну хьэзыр бзылъхугъащ, ныбжьэгъуфIщ.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ.

Япэ балъкъэр цIыхубз усакIуэ Зумакуловэ Танзиля

Генерал-майор Бахъсэн Хьэсанш

Дыгулыбгъуей къуажэм езым и тхьдэ гъэщIэгъуэн иIэжщ. Абы къикIуа гъуэгуанэм дриплъэжмэ, и пщIэр зыIэт, щIэблэм я щапхъэ, адыгэ лъэпкъым, республикэм хуэщхьэпэ цIыху телъыджэ куэд къыдэкIащ. Абыхэм ящыщщ Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэзыщIа генерал-майор Бахъсэн Хьэсанш.

ЦIЫХУР къалъху, дунейм кьытохьэ, насыпыфIэу псэун, и лъэпкъ къуэпсым кьыпищэн папщIэ. Дыгулыбгъуей къуажэм щыщхэу Бахъсэнхэ Барэсбийрэ Нафисэтрэ я унагъуэм 1959 гъэм кьихъуа, Хьэсанш зыфIаща щIалэ цIыкIур насыпыфIэ хъуныр я хъуэпсапIэт...

Адэ-анэр хуейт я хъыджэбзхэм япэ ирагъэщ я къуэр сыт щыгъуи ящIыгъуну. Хьэсанш ар кьыгурыIуэрти, адэм и чэнджэщкIэ курыт еджапIэ нэужьым Бахъсэн дэт профтехучилищм щIэтIысхьащ, илъэс дэкIри, КъБКъУ-м и физико-математикэ къудамэм и студент хъуащ. Къэзылъхуахэм я жагъуэ имыщIмэ нэхъ къищтэми, Хьэсанш и сабиигъуэ лъандэрэ и хъуэпсапIэмкIэ икIэм-икIэжым иунэтIыжащ - ар щIэтIысхьащ Орджоникидзе къалэм дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм.

Я гуапэ мыхъуами, я щIалэм и мурадыр адэ-анэм даIыгъащ. Хьэсанш икъукIэ цIыху гурыхъуэ, жант, гумызагъэт. А псом гу лъамытэу кьэнахьыж - щIалэщIэм сыт хуэдэ кьэлэнри дзыхь кьыхуащIырт, езыми ахэр игъэпэжырт.

ЦIыхур лIыхъужьу къалъхуркъым, атIэ ар абы хуэкIуэу аращ. 1981 гъэм дзэ еджапIэр кьиурри, лейтенант щIалэм и офицер гъуэгуанэм Ростов областым хыхьэ Новочеркасск къалэм щыщIидзащ. ИлъэситI дэкIри, ар лейтенант нэхъыжь хъуащ, кьыкIэлъыкIуэ илъэситIым капитаным нэсащ. Апхуэдэуэрэ Хьэсанш Кавказ Ищхьэрэ дзэ округым и епщыкIуплIанэ танк дивизэм и пулемёт взводым и командир кьулыкъур пщэрылъ кьыщащIащ.

Афган зауэр кьыщыхьэйм, майорым нэса щIалэр абы ягъэкIуащ. Афганистан щIыналъэм щекIуэкIа зауэр абы и нэгу щIэкIащ, игъэващ и пэм кьыщыщIэдзауэ и кIэм нэсхьу. Ар хэтащ Кабул, Къундуз, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм. ПIасхьэщIэххэм, апхуэдэуи десант-небгъэрыкIуэ батальоным я командиру щыта щIалэм зэкъым и сэлэтхэр бийм кьиухъуреихьа щIыпIэм кьиузэрыришар.

1985 гъэм щыщIэдзауэ 1987 гъэм нэсыху Хьэсанш кьулыкъу щищIащ Джелалабад къалэм. И псэ емыблэжу и кьулыкъум зэрыпэрытым, лIыгъэу къигъэлъагъуэм кьыпэкIуэу Вагъуэ Плъыжь ордену тIу кьыхуагъэфэщащ.

1988 - 1989 гъэхэм Бахъсэным тIасхъэщIэх ротэм и унафэщIу Душанбе къалэм кьулыкъу щищIащ. ИужькIэ ар штабым и Iэтащхьэ хъуащ.

1992 гъэм Хьэсанш «Зэрихьа лIыгъэм папщIэ» орденыр къратащ. ИужькIэ генерал дамэтелъэр кьыхуагъэфэщащ. Бахъсэным Таджикистанми щигъэлъэгъуащ и хахуагъэмрэ дзэ Iэхум фIыуэ зэрыхищIыкIымрэ.

Урысейм Iэщ1экIэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер кьиуха нэужь, Бахъсэныр Хабаровск ягъэкIуащ. Ар КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIэ дзэ округым и 130-нэ пулемёт-топгъауэ дивизэм и унафэщI хъуащ. Иджы генерал-майорым нэса адыгэ щIалэм и жыIэм щIэтт сэлэтрэ офицеру мин 15-м нэблагъэ...

Куэд игъэващ а генерал щIалэм. Афган зауэм, Таджикистаным кьыщыхъуа кьаугъэхэм щигъэзэ IэгъэтI 12 зи щIыфэм телъ лIыхъужьыр итIанэм жыджэрт.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, генерал-майорым нэсыху кьулыкъу зыщIа Бахъсэн Хьэсанш кьыхуиухар гъащIэ мащIэт. И ныбжьыр илъэс 49-м иту ар 2008 гъэм дунейм ехьжащ.

КьыпэплъэрI и псэм ищIагъэнкIи мэхъу абы. И иужьрей махуэхэр къэсыным и пэкIэ ар къэзылъхуахэм я деж кIуэжри щыхьэщIат. «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэми кьыщIыхьат.

Бахъсэн Хьэсанш лъэпкъым зэи щымыгъупщэн лIыхъужьщ. Апхуэдэ цIыхухэрщ гъащIэм и лъапIэныгъэр, и дахагъэр зыхъыумэр. Абы и цIэр зэрехьэ Дыгулыбгъуей къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа композитор

Балэ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и профессиональнэ макъамэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ зыщ, макъамэу, уэрэду, оперэу, симфониеу 300-м щIигъу итхащ.

МУХЬЭДИН Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Пшынэ еуэ и анэрщ щIалэ цIыкIум макъамэр фIыуэ езыгъэлъэгуар, абы дезыгъэхьахар. Язынэкъуэхэм деж и анэм и пшынэр къищтэурэ, зэхуха макъамэхэр къригъэкIырт.

1937 гъэм Кэнжэ къыщыззрагъэпэщауэ щытащ накъырапщэхэм я колхоз оркестр. Андреевым и цIэр зезыхьэ колхозым и унафэщIхэм Харьков щыщ Мешков Иван капельмейстеру кьрагъэблагъат. Абы щIалэгъуалэ накъырапщэхэм я оркестрым хэтынухэр къыщыхихым, занщIэу гупым хигъэхат Балэхэ Мухьэдин, Мухьтар, Закъэ сымэ. Ахэр псори бжьамий епщэнут.

Мухьэдин оркестрым хэтурэ апэ ехьулIэныгъэхэр кьихьащ. Мешковым абы дзыхь хуищIырт адыгэ макъамэхэм я пьесэ щIыкIуэр щагъэзащIэм деж оркестрым и дирижёру щытыну. Оркестрым и кьыхэдзакIуэри бжьамийм фIы дыдэу епщэ Мухьэдинт.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, Балэр езыр щIэлъэIури, дзэм кIуащ, гугъуехь мымащIи абы щишэчащ.

ИужькIэ Мухьэдин Iэфлыкlэ щащI фабрикэм и накъырапщэ оркестрым хыхьащ, итIанэ Налшык паркым и оркестрым щылэжьащ. А зэманым Балэм макъамэхэр, накъырапщэхэм я оркестрым папщIэ марш зыбжанэ итхащ. 1946 гъэм адыгэ опернэ студием щеджэнхэм яхэту кIуэри, Ленинград консерваторэм щIэтIысхьащ, композитор Кочуров Юрий и гъэсэнхэм ящыщ хъуащ. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIкI егъэджакIуэм гу льитащ адыгэ щIалэщIэм зэфIэкI зэриIэм икIи дерс кьэс нэхъ гугъу кьыщищIу щIидзащ, композитор кьыхищIыкIын и мураду.

1946 гъэм и кIэм Балэ Мухьэдин и егъэджакIуэм и чэнджэщкIэ уэрэд итхыжащ. Абы щыгъэщ дунейм кьыщытехьар «Конституцэм и уэрэдыр», 1947 гъэм - «Комбайнёрым и уэрэд», «Гущэкъуэрэд», «Сэ фIыуэ сльагъу шагъдийхэр» уэрэдхэр.

Композитор щIалэщIэм кьыдеджэхэм папщIэ итха уэрэдхэр абыхэм ягу ирихьащ, яфIэфIужаIащ: «Мы хъыджэбзым и цIэр кьызжефIэ», «Гъатхэ», «Уи деж сынокIуэ». Апхуэдэу абы итхащ романсхэр, езым нэхъыфIу илъэгъуа жанрри - маршхэр - Iэщ1ыб ищIакъым. И Iэдакъэ къыщIэкIхэр щIэщыгъуэт, гъэщIэгъуэнт. Абы къыхэкIыуи, Чайковскэм и щIыхькIэ зэгъуэва стендиер къыхуагъэфэщащ. Композиторым Ленинград консерваторэр кьиухри, Налшык къэкIуэжащ.

Балэ Мухьэдин уэрэд куэд итхащ КIыщокъуэ Алим, Щоджэнщ1ыкIу Iэдэм, Щоджэн Хьэбас, нэгъуэщIхэми я усэхэмкIэ. Абы и уэрэдхэр цIэрыIуэ хъуащ.

1950 гъэхэм икуэм композиторым елэжьын щIидзащ куэд щIауэ и гум щигъафIэм - Щоджэнщ1ыкIу Алий и «Мадинэ» поэмэмкIэ опернэ тхыным. Абы и апэ актым елэжьурэ, камернэ произведенэхэри итхащ. А зэманым Балэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэу «Гъагъэ, си Хэку», «Уэрщ си насыпыр», «Кьуажэ монтёр», нэгъуэщIхэри. Балэ Мухьэдин макъамэм и жанр куэдым хэзагъэрт. Симфоние оркестрым щхьэкIэ уэртюрэхэр, театрым щагъэуве спектаклхэм - макъамэхэр, камернэ произведенэхэр яхуитхащ.

Псом хуэмыдэу къекъулаш Акъсырэ Залымхъан и «Къызбрун» пьесэм (1959 гъэ) хуитха макъамэр. Ар теухуащ XVII лIэщIыгъуэм крым хъаныр Къэбэрдейм къызэрытеуам. А макъамэр иджыри зэ щыхьэт техъуат Балэ Мухьэдин театрым хуэтхэныкIэ зэфIэкIышхуэ зэриIэм. «Къызбрун», «Марш», «Къафэ», «Исльэмей» - ахэр ди симфоние оркестрым нобэми игъэзащIэхэм ящыщщ. Абыхэм ущедаIуэкIэ, цIыхубз уэрэдыжьхэр уигу къагъэкI.

«Къызбрун» спектаклым хуитха макъамэм къыкIэлъыкIуащ драматург гъуэзэджэ Акъсырэ Залымхъан и пьесэхэм къытращIыкIа «Истамбыл», «Андемыркъан», «Къанэмэтрэ Къасболэтрэ» спектаклхэм яхуитхахэр.

1960 гъэхэм иIуэ хъуащ Балэ Мухьэдин симфониехэр тхыным зэрыхуэIэзэр. «Си Къэбэрдей-Балъкъэрыр» абы и апэ симфониешхуэщ. 1963 - 1967 гъэхэм композиторым итхащ «Дон и губгъуэхэм», «Сыт щыгъуи псэунущ» симфоние поэмэхэр. ЕтIуанэр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я реквиемщ. Балэм и апэ симфониер симфониеттэу кьежьат, итIанэ елэжьыжри, нэхъ ин ищIащ. Ар щыIуащ Москва, Дон Iуфэ Iус Ростов, Владикавказ, Кисловодск, Мейкьуапэ, Черкесск, нэгъуэщI къалэхэми.

Абы кьыкIэлъыкIуащ «Къуажэдэс щIалэгъуалэр» увертюрэр, Кавказ Ищхьэрэм щекIуэкIа граждан зауэм жыджэру, псэемыблэжу хэта Къатхэн Назир теухуа «Назир», «Щууей пльыжьхэр» симфоние поэмэшхуэхэр.

Вокально-хоровой уэрэд зыкъоми итхащ Мухьэдин - ораториехэр, кантатэхэр, вокально-симфоние сюитхэр. ЦIэрыIуэ хъуащ хорхэм папщIэ итха «Си хэкум и уэрэд» ораториер.

Къардэн Хьэсэн и гъусэу Балэм итхащ Щоджэнщ1ыкIу Алий и поэмэм къытращIыкIа «Мадинэ» оперэр. Ар ди Музыкэ театрым щагъэлъэгъауэ щытащ 1970 гъэм. Аращ адыгэ лъэпкъ оперэм лъабжьэ хуэхъуари.

Театреплъэм ягу ирихьауэ щытащ Балэм макъамэ зыхуитха «Шамхьун и фызышэ» музыкэ комедиер (либреттэр IутIыж Борис ейщ). Нобэр къыздэсым къальитэ а музыкэ комедием efIэкIын ямытхауэ.

ЗэрытщIэщи, Балэ Мухьэдин накъырапщэхэм папщIэ макъамэхэр тхыныр нэсу къехьулIэрт. Пщ1ы бжьыгъэкIэ дунейм кьытехьащ апхуэдэ пьесэхэр, маршхэр: «Къэбэрдей», «Сэлам», «Черкесия», «Зэныбжьэгъугъэ», «Къалмыкъ БетIал и феэплъу», нэгъуэщIхэри.

Ди композиторхэм ящыщу Балэ Мухьэдинщ ди сабий усакIуэхэм ятхахэм япэу макъамэхэр щIэзыпхьар. Адыгэ, балъкъэр усакIуэхэм я сабий усэхэу абы макъамэ зыщIилъхьахэр тхылъитIу кьыдэкIащ.

Ди республикэ макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа композитор Балэ Мухьэдин 1973 гъэм кьыфIащащ «КъБАССР-м гъазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Балэ Мухьэдин и цIэр мыкIуэдыжьын зыщIа макъамэр ди лъэпкъым пыщIащи, цIыхухэм сыт щыгъуи ягу итыгъуэ.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр.
1990 гъэ

ГъащIэм и щэхухэр къетIэщI

Усакiуэ нэсхэр закъуэтIакъуэхэщ. А закъуэтIакъуэм ящыщщ Мыкъуэжь Анатолэ.

АБы хьэкъыу тхыкIащ: «щIыр щIыщыIэр - сабий кьыщалъхуырщ», «щIыр щIыщIэр - кьыщыкIынырщ гуэдз», кьэхъуГъэри, махуэл имыIэу, зыхуэлажьэр фIырщ, дахагъэрщ, угъурлыгъэрщ: «хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну, щIым гуапэу кьедэхэщIэну»; «хуейщ бзуэр уэгум итыну, хуиту уэрэд кърашыну»; «удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну, еплъ псоми ягу хигъэхъуэну»; «гуфIэгъуэщ, сэ фIыуэ сощIэ, кьыщIигъэщIар мы дунейр». АрщхьэкIэ «ди лIэщIыгъуэр гуапагъэ хуэныкъуэщ, гумащIагъэ абы къомэщIэкI».

Ауэ щыхъукIэ, усакIуэм сыт кьыхуэнэжыр? Iейр кьызыихэкI щхьэусыгъуэхэр кьыщIигъэщынырщ, абыхэм ерыщу япэуныырщ. А къалэнращ «ем езэуэныр зи натIэу» «хейм я уэчылу» кьэув Мыкъуэжь Анатолэ и къалэмыр зыхуигъэлъащэр.

Усакiуэм и лиримэм ущрохьэлIэ ди лъахэм и теплъэр щIэщыгъуэу уэзыгъэлъагъу усэ пкъыфIэхэми, мамырыгъэм тегъэпсыхьа сатырхэми, къззылъхуа анэм хуэгъэза псалъэ щабэхэми, лъагъуныгъэм, ныбжьэгъугъэм, гъащIэм и къэхъукъащIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, лIэныгъэм теухуа тхыгъэхэми. Сыт хуэдэ Iэхуэгъуэ темытхыхьыми, Мыкъуэжь Анатолэ и Iэужьым нэпкъыжьэ хуэхъу нэщэнэ зызымыкъэжхэри щыIэщ: Захуагъэр, ЦIыхугъэр, Дахагъэр. ИкIи а усакIуэм и лирикэм хуэкIуэн эпитет езым и сатырхэм къыхэсхыну къысхуихуатэмэ, мы сатыритIым тезубыдэнт:

ЩIым лъагъуныгъэр, гуапагъэр Сщ1ыну и тет сыщIохъуэпс.

Нэмыцэ тхакIуэ Брехт Бертольд зэгуэр жиIэгъащ: «Укъызытехьа дунейм елъытауэ дуней узытекIыжыр, нэгъуэщI мыхъуми, зы мэскъалкIэ зэребгъэфIэкIуэнум уи гъащIэр тегъэпсыхьауэщ узэрыпсэун хуейр».

Мыкъуэжьым и Iэужьхэм къыбжаIэ ар апхуэдэ гугъапIэ лъагэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэр икIи абы и лъэныкъуэкIэ куэд зэрыхузэфIэкIар.

КЪЭЖЭР Хьэмид,
усакiуэ, критик.

СЭРАЛЪП Мадинэ:

ХъуэпсапIэм уз эрыхуэкIуэфынур

***Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабэз гъащIэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщI бзылъхугъэ IэпэIэсэ Сэралъп Мадинэ хэт зымыщIыхур?! Адыгэ фащэр ди щIэблэм фIыуэ езыгъэлъагъуу къезыгъэщтэжахэм ящыщу къэплъытэ хъунущ Мадинэ. Сэралъпыр къыщалъхуар Тэрч куейм хыхьэ Дей къуажэраш. Езым зэрыжиIэмкIэ, сыт щыгъуи дэну фIэфIу щытащ, и адэ-анэми хъыджэбзым ар къыщIапамыубыдым, япэщIыкIэ Ставрополь дэт технологическэ техникумым щыгъыным и художественнэ моделированэмкIэ и къудамэр, Герценым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт университетым психологиемкIэ и къудамэр иужькIэ къиуахащ. Абы и щыгъын зыкъизыхэр щIэлъу 2002 гъэм пэш екIу къызэIуихауэ щытащ. Уеблэмэ ар зэман гуэркIэ рдэлэжьащ Санкт-Петербург дэт тыкуэнхэу зи хьэпшыпхэр зыгъэлъапIэхэм.*

Сэралъпым и гъэлъэгъуэныгъэ щхьэхуэхэр щIыпIэ зыбжанэм екъуIэныгъэ иIэу щрагъэкIуэкIащ. Рим, Москва, Истамбыл къалэхэм я выставочнэ пэшхэм щыплъагъунущ абы и бостейкэр. Мадинэ «хъэтI» щхьэхуэ зиIэ дэрбзэрщ икIи и фащэ екIуэхэм ди къэралым и мызакъуэу, хамэ щIыпIэхэми щIэупщIэ ин щаIэщ. Уеблэмэ, унагъуэ щихьэкIэ абы и фащэхэм хуэдэ щызыгъIэгъэну щIэмыхъуэпс адыгэ пщащэ къэгъуэтыгъуейщ.

А псом къищынэмыщIауэ, Мадинэ псапащIэ Iуэхуми хуэзыдэрщ. Араща зи жэрдэмыр илъэс къэс сабийхэм папщIэ ирагъэкIуэкI «Мир в ладошке» псапащIэ Iуэхур. Илъэсиблым щIигъуауэ абы къызэрегъэпэщ дизайнер ныбжьыщIэхэм я хэгъэгу зэпеуи. А и лэжьыгъэ иным и фIыгъэщ «Персона года», «Женщина года», «За верность традициям» цIэ лъапIэхэр къыщIыхуагъэфэщар.

И Iуэху еплъыкIэхэм защыдгъэгъуаэзэмэ ди гуапэу, Сэралъп Мадинэ ди хьэщIэщым кьедгъэблэгъащ.

- Уи цIэр жыжьэ зыгъэIуа IэщIагъэр сыт уи дежкIэ?

- Илъэс 25-рэ хъуауэ си IэщIагъэм сролажьэ, абы сропсэу. Арыншэу си гъащIэр си нэгу къысхуцIэгъэхьэркъым. Шэч хэмылъу, сэ схуэдэу куэдым я насыпкъиныркъым я псэм фIэфI Iэщ-щIагъэ къыхахынц.

- СыззрыщыгъуаззмкIэ, уэ илъэс 16-м уиту арат уи щыгъынхэм я япэ гъэлъэгъуэныгъэ Ялтэ щызэхэта щIалэгъуалэ зыгъэпсэхупIэм утыку къыщыщIапхъам щыгъуэ. Иджыпсту бды щыгъынхэмрэ а зэманым бгъэхьэзырахэмрэ сыт хуэдэ зэщхьэщыкIыныгъэ яIэ?

- Шэч хэмылъу, шурэ лъэсрэ я зэхуакуц. Абы щыгъуэ щыгъынхэр гъуэтыгъуейт, цIыхухэм щатIагъэр зэфэззэщу зэщхь защIэти, си зэфIэкIыр къыщызгъэлъэгъуэн, гупсысэм зыщезгъэубгъун утыку сиIэт. Ар си дежкIи лъэбакъуэфIт. УщищIалэгъуэм деж нэхъыбэу гу зылъыптэри бгъэлъэгъуэну узыхущIэкъури и щIылум щыIэ дахагъэрщ, иужькIэщ мыхьэнэр зэрынэхъапэр къыщыбгурыIуэр. ИджыкIэ сэ щыIыгъыкIэр, и гъэуклIэ къыздитещ фащэм щIагъыбзэшхэу щIэлъащ. А фIыгъуэр хъумэныр ди къалэн пэрытхэм ящыщщ. ХьэгъуэлIыгъуэ фащэкэр европей щыкIэу щIащи, абыхэм лъэпкъ фащэм и щытыкIэр мащIэу щыхъуэжащ. Сэ нобэкIэ къалэну зыхуэзгъэувыжыр а зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр ди фащэм зэран хуэмыхъуу дэтхэнэри щхьэхуэу дунейм тезгъэтыныщ.

- ЦIыхур угъурлымэ, и бостейр дыгъуафIэ хъууэ къалъытэу щытащ дэрбзэрхэм пасэм. Уэ апхуэдэ нэщэнэ гуэрхэр иIэ? ИтIанэ, бостейр зыхуэбдым и хьэлым, и дуней тетыкIэм елъытауэ абы зэхъуэкIыныгъэ щыхэплъхьэ къэхъуа?

- ЦIыхум и щытыкIэмрэ и теплъэмрэ зэкIуу щытын хуейщ, а тIур щызэтемыхуэм деж занщIэу гу лъыботэ. Зы гъэщIагъэуэн вжесIэнщ. Апхуэдиз адыгэ фащэ зыщ сэ фащэ къызэкIуркъым. Сэ гурэ псэкIэ хуитныгъэр зыфIэфI цIыхухэм сащыщщи, си пкъыр зэрыхуейуэ зыщыну хэт бостейм сизагъэркъым. Сыт хуэдизу хабзэ зезмыхьэми, лъэпкъыр фIыуэ слъагъуми, а фащэм сызэрикъузыр схуэшэчыркъым, апхуэдизкIэ а псэ хуитныгъэр сфIэфIщи, уеблэмэ лэжьыгъитI зэхуэдэу сщIын хуейт хьумэ, сытозашэ. Псалъэм папщIэ, накъыгъэм и 21-м фащэ зыщыгъ щIалэгъуалэм сахоплъэри, уи адэжьхэм ящыщ гуэр хэтэджьхуаэ къыпщагъэхъуу, ар зэкIупсэхэри яхэтщ, я зыIыгъыкIэкIи щытыкIэкIи абы хуэфащэу. Ауэ фащэ щызыгъIэгъагъащIэри уолъагъу. Мис апхуэдэу цIыхуми и теплъэм, и гупсысэм елъытауэ фащэр яхузод.

- Ди республикэми Санкт-Петербург дэт Этнографие музейми екъуIэныгъэ инхэр ущиIэу уи Iэдакъэщ1экIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрыщызэбгъэпэщар куэдым ящIэж. Дяпэкли апхуэдэ Iуэху дахэкIэ дыбгъэгуфIэну уи мурад?

- Ди дежкIэ нэхъыщхьэр гъэлъэгъуэныгъэ нэхъыбэ тщIынракъым, ахэр зыхуей зэрыгъэзэнырщ. Дэ щIыпIэ куэдым выставкэ щытщIыну драгъэблагъэ, ауэ гъэлъэгъуэныгъэпщI пщIы нэхърэ гупсысэкIэ гъэнщIауэ зы къызэбгъэпэщмэ нэхъыфIщ. Си мурадхэм сатепсэлъыхьыж, гъащIэм и пэ силъадзу сыпсэлъэн сфIэфIкъым.

- Арт-центрым и лэжьыгъэм укIэлъэплъмэ, абы щрагъэкIуэкI дауэдапщэхэм уеплъмэ, ар лъэпкъ зэхуэсыпIэу, лъэпкъым и унэу къэплъытэ хъунущ. Ар къыщызэIуфхам апхуэдэ мурадт абы хувиIар?

- Илъэс кэуд щIауэ а Iуэхум сыщIэхъуэпсыр, си зэфIэкIыр щымащIэм щыгъуи си хъуэпсапIэт мыпхуэдэ унэ сщIыну. Сэ къызэIуэмыхами, нэгъуэщI зыгуэрым ищIыну къыщIэкIынт ар, лъэпкъым диIэну Тхъэм иухати. А зэфIэкIи ди Щхьэщыгу итым сэ къызэрысхуигъэфэщам папщIэ фIыщIэ хузощI.

Зыри зымыщIэхэм псори тыншу къьхуIэр къащохъу. Хьыджэбзхэм зыкъызсхуагъазэу «Сэри уэ пхуэдэу сыдэну сыхуейщ», - щыжаIэкIэ, къызгурыIуэркъым. Ухуей куэдийкIэ зыри кхъохъулIэнукъым, уи хъуэпсапIэм гугъуехькIэщ узэрыхуэкIуэфынур. Илъэс 25-рэ хъуауэ сыхэтщ дэрбзэр Iуэхуми, иджыри къыздэсым фащэм щIэупщIэ иIакъым, имыIа щхьэкIэ фIыуэ слъагъу Iуэхури къзэгъэнакъым, нэхъыбэ къызэрысщIэным яужь ситащ адрыгъэхъумэ.

- Мадинэ, си Iуэху еплъыкIэр куэдым къыздаIыгъыну си гугъэщ. Ди щыхухэм фащэр фIыуэ зэралъэгъуар куэдкIэ уи фIыщIэу къызэолъытэ. Уэ уемызэщу, зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу лъэпкъ фащэхэр илъэс куэдкIэ утыку къыпхащ, абы адыгэ щыхур зэригъэдахэр наIуэ пщIыуэ.

- Тхъэм уигъэпсэу! Фащэм и пасэрей дыкIэм хуэдэу псори зэрызмыщIым щхьэкIэ сызыгъэкъуаншэхэри щыIащ. Ауэ апхуэдэ фащэ куэду щыIэкIэ абы и пщIэр нэхъ лъагэнукъым. Зэманым къезэгъ зэхъуэкIыныгъэхэр зыхэлъ фащэращ иджыпсту щIэупщIэ зиIэр.

- Дэрбзэру еджэну хуейхэм сыт хуэдэ чэнджэщ ептынт?

- Нэхъыбэрэ еджэну. Иджырейхэм ящIэр зэрымащIэм и мызакъуэу, а ящIэ мащIэмкIи арэзыуэ зэрыпсэурщ я мыгъуагъэр. Нобэр къыздэсым соджэри, си щIэныгъэр сфIэмащIэщ. Апхуэдэхэм псом япэу ящIэн хуейщ дэрбзэр Iуэхум гугъуехьышхэу зэрыплъыр, ар щIэныгъэкIэ щIэмыгъэбдамэ, жаIэр пщIэуэ упсэунураш.

- Уи хъыджэбзитIри балигъ ныбжьым ноблагъэ. Абыхэм дэрбзэр ЩIагъэр къыхэзыхын яхэт?

- ТIуми яхэлъщ апхуэдэ зэфIэкI. Нэхъыжьыр графикэм нэхъыбэу дихьэхми, нэхъыщIэм дэнэр зыхилъхьэ щыIэкъым. НэхъыщIэм а Iуэхур апхуэдизкIэ фIэгъэщIэгъэнщи, си деж зыщигъэсэн имыдзу, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щыгъын щад фабрикэм уери щылэжьащ. Пщэдджыжьым сыхьэтиблым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэ хъуху щыгъын зэрадым, щэкIэр хуэзэрыхахым кIэлъыплъу щыIащ. Пэжым ухуеймэ, сэ а Iуэхугъуэм хуабжьу сыщогуфIыкI, лэжьыгъэр зищIысыр зыщIэм, абы дихьэхам Iеягъэ игу къэкIынукъым.

Епсэлъар

ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Топ куэд щыдагъэкIа джэгугъуэ

● Футбол

КъБР-м футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и 23-нэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIи 8-м топ 42-рэ щыдагъэкIащ. Апхуэдизрэ зэуэ гъуащхьаУэхэр къыщыхэжаныкI куэдрэ къэхъуркъым.

ДЫЗЭРЕСЭЖАЩI, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызэIыгъ «Автозапчасть»-мрэ «Тэрчымрэ» зи чэзу текIуэныгъэхэр тыншу зыIэрагъэхьащ. Я унэм щыджэгуу мыбыхэм хагъэщIащ ХьэтIохъущыкъуейрэ Псыгуэнсурэ икIахэр. Хьэлэмэтраци, Бахъсэнрэ Тэрчрэщ мы джэгугъуэм нэхъ мащIэ дыдэрэ гуащхьаУэхэр къыщыхэжаныкIар. Абы щыгъуэми «Автозапчасть»-м и заХуэщ джэгугъуэ блэкIам зи гъуэр «гъущэу» къэзыгъэнэфар.

Дэтхэнэми топий щыдагъэкIащ Псынэдзэрэ ХьэсэнэйрэкIэ. Гуп нэхъыщхьэм къыхэнэн папщIэ а зэIущIэхэм мызхэнэшхуэ яIэт икIи лъэныкъуэхэм ебгъэрыкIуэныгъэр ящIа ирагъэщащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэх хъуащ балъкъэр къуажэхэм я командитIым я зэпэщIэтыныгъэр. «ЛогоВАЗ»-м и дежкIэ абы мыхьэнэ пIэлъэ имыIами, «Жулдуз»-р щытыкIэ гугъум къикIын хуейт. Арати, нэхъ хузныкъуэм очкоищыр Iэрыхьащ.

Блырыблрэ къыхэжаныкIащ Шэджэмрэ Къэхъупрэ щызэIущIахэр. Зым хэгъэрейхэр, адрейм хьэщIэхэр щытекIуащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм бжьыгъэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм: «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - **2:0**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **3:1**, «**Союз**» (Сэрмакъ) - «**Нарт**» (Нартхъалэ) - **4:1**, «**Къундетей**» (Шэджэм) - «**Налшык**» (Налшык) - **4:3**, «**Псыкуэд**» (Псыкуэд) - «**Прохладнэ**» (Прохладнэ) - **3:2**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **5:3**, «**Керт**» (Къэхъун) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **3:4**, «**Жулдуз**» (Хьэсэней) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **5:3**.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	23	20	2	1	111-18	62
2.	«Тэрч»	23	20	0	3	64-14	60
3.	«Союз»	23	16	3	4	84-42	51
4.	«Бедик»	23	15	2	6	52-29	47
5.	«Псыгуэнсу»	23	14	4	5	63-39	46
6.	«Керт»	23	10	5	8	64-44	35
7.	«Псыкуэд»	23	10	5	8	57-55	35
8.	«ЛогоВАЗ»	23	10	2	11	50-53	32
9.	«Налшык»	23	9	4	10	50-47	31
10.	«Къундетей»	23	9	2	12	42-63	29
11.	«Нарт»	23	8	3	12	46-52	27
12.	«Родник»	23	6	4	13	47-72	22
13.	«ХьэтIохъущыкъуей»	23	5	2	16	31-62	17
14.	«Жулдуз»	23	3	4	16	37-82	13
15.	«Бахъсэн»	23	3	1	19	30-102	10
16.	«Прохладнэ»	23	1	7	15	29-82	10

Сочэ щытекIуа ди лъахэгъуэр

● ЗэуэкIэ зэхэт

Иджыблагъэ зэуэкIэ зэхэтымкIэ Сочэ щекIуэкIа, «Fight Nights Global-72» дунейпсо зэхьэзэхуэм текIуэныгъэхэр къыщахьащ ди лъахэгъуэгъу Бэджыдэ Ислъамрэ Туменов Бибертрэ.

СОЧЭ и «Ледяной клуб» стадионым цIыхур щIэзт. Ахэр еплъыну къакIуат зэуэкIэ зэхэтымкIэ дунейм и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэм я зэпеуэм.

«Бастион» клубым и гъэсэн, килограмм 68-м нэс си хьэлъагъ Туменов Биберт япэу зэуэну къихьахэм ящыщщ. ЗэIущIэм хухаха Iыхьищми ар щефIэкIащ Къэзхахъстаным къикIа Касымбаев Муратбэч. Араща судьяхэм псоми зэакъылэгъуу ди лъахэгъуэм текIуэныгъэр щыхуагъэфэщар.

Туменовым зыкъыкIэригъэхуакъым Бэджыдэ ИслъамиI. Ирландием щыщ Куилли Питер абы кьефIэкIыну куэдым хуагъэфащэрт. АрщхьэкIэ адыгэ щIалэм апхуэдэхэр хущIригъэгъуэжащ икIи и хьэрхуэрэгъур нэрылъагъуу хигъэщIащ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Ди ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр

● СтIолыщхьэ теннис

Ставрополь, Краснодар крайхэм, Дагъыстэн, Осетие Ипшэ, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Абхъаз, Кърым, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Мэзкуу, Свердлов, Ростов, Ленинград областхэм, Украинэм и Донецк къалэм къикIа спортсмен 200-м щIигъу зыхэта, стIолыщхьэ теннисымкIэ зэхьэзэхуэ иджыблагъэ екIуэкIащ.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс пщыкIущ ирикъуахэм щыщIэдзауэ зэпеуэхэр гуп щхьэхуэхэм щрагъэкIуэкIащ. Ставрополь къалэм щыIа а зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа цIыху 27-рэ. Абыхэм мыIейуэ зыкъагъэлъэгъуащ.

Къапщтэмэ, 2001 гъэм и ужькIэ къалъхуахэм я зэпеуэм дыщэ медалыр къыщIахьащ налшыкдэс Шэшэн Андемыр. Ещанэ увыпIэр яубыдащ Нарткъалэ щыщ Къуэн Ислъамрэ Налшык икIа Бесединэ Арианэрэ.

НэхъыщIэ дыдэхэм я зэхьэзэхуэм щытекIуащ Конюхов Илья. Ар спортым и мастерым и кандидатащ.

Хуабжьу дигъэгуфIащ Джэрыджэ Iэминэ. Илъэс пщыкIух ирикъуа хъыджэбзхэм я зэпеуэм щытекIуам къыщыхэмыщIауэ, балигъхэм я дежи абы дыжьын медалыр къыщихьащ.

СтIолыщхьэ теннисымкIэ Ставрополь щекIуэкIа зэхьэзэхуэм хэта ди спортсменхэр ягъасэ Унэжокъуэ Альберт, Батюцкая Иринэ, Семенцов Рашид сымэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Ди къалащхьэм

Республикэр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Налшык иIэ утыкум деж.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 8-рщ.

● Псапэ

ЯдоIэпыкъу

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ, IэнатIэм и IэтащхьэМ и къуэдзэ Мэсей Заур, тылымкIэ унафэщI Бинашаров Беслъэн, ОГИБДД-м и инспектор Къэрэнашэ Жаннэ сымэ щыIащ Яныкъуей къуажэм дэт Республикэ психоневрологие интернатым.

АБЫХЭМ гъусэ яхуэхъуащ къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Пекъу Светланэ.

Интернатым щыкIэлъоплъ зи ныбжь хэкIуэтахэм, зи акъыл зэтемыс ныкъуэдыкъуэхэм, зи щхьэ Iуэху зыхуэмышIэжхэм, сыт щыгъуи уи нэIэ зытетыпхъэхэм е пIалъэкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм.

Полицэм и лэжьакIуэхэм интернатым хуашащ ар зыхуэныкъуэхэр.

БАХЪСЭН Ланэ.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ

ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Заминэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм я ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкl Соня,** *редактору* **ЩхьэщэмыщI Иэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4, 6-нэ нап.),* **Иэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 5-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3.507 ●Заказ №1108